

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan. Aya 3 bagian anu didéskrripsikeuna, nya éta (1) rarancang kagiatan satuan harian pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta, (2) pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta, (3) hasil pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta. Tina hasil analisis jeung déskripsi data, pembelajaran ngaregepkeun ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta téh bisa dicindekkeun kieu:

- a) Rarancang nepikeun bahan pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta ngawengku: 1) bahan ajar ngaregepkeun jeung maca kalimah basajan, 2) Satuan Kegiatan Harian pembelajaran ngaregepkeun jeung maca kalimah basajan ngagunakeun media gambar di TK Flamboya Purwakarta.
- b) Pembelajaran ngaregepkeun kalimah basajan ngagunakeun métode “simak-ulang-ucap”, jeung métode “simak-kerjakan”. Sedengkeun dina pembelajaran maca ngagunakeun métode montessori.

- c) Dina ngaregepkeun jeung nurutan ngucapkeun 3 urutan kecap, umumna murid cukup mampu sabab rata-ratana 74,99%.
- d) Dina ngaregepkeun jeung nurutan ngucapkeun kalimah basajan dumasar gambar nu ngailustrasikeuna, umumna kamampuh murid aya dina tingkat alus sabab rata-ratana 79,35%.
- e) Dina ngalakukeun 3 paréntah sakaligus, umumna murid can mampu sabab rata-ratana 73,82%.
- f) Dina nyebutkeun atawa maca tulisan kalimah basajan ngaliwatan simbol anu ngalambangkeuna, umumna kamampuh murid aya dina tingkat alus sabab rata-ratana 80,95%.
- g) Dina ngahubungkeun gambar jeung kalimah basajan, umumna murid can mampu sabab rata-ratana 73,81%.

Sacara gembeng bisa dicindekkeun yén pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta aya dina tingkatan cukup alus sabab rata-ratana 76,58% murid mampu ngahontal pembelajaran.

5.2 Saran

Sabada nepikeun jeung déskripsi data dina bab IV jeung nyieun kacindekan dina bab V, aya saran anu perlu ditepikeun.

- a. Ieu panalungtikan téh ngagarap pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan di TK. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan séjén nu nuluykeun ngagarap aspék pengembangan basa séjén nya éta dina kamahéran nulis jeung nyarita katut pembelajaran.

- b. Kalimah basajan anu dijadikeun bahan pembelajaran di kelas téh pikeun panalungtikan anu saterusna dina milih bahan pembelajaran sumberna bisa tina kalimah-kalimah basajan nu aya dina carita, dongéng atawa penggelan kawih murangkalih.
- c. Luyu jeung hasil panalungtikan, média gambar bisa digunakeun dina pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan utamana dina pembelajaran ngaregepkeun jeung maca.
- d. Luyu jeung hasil panalungtikan, sangkan tujuan pembelajaran kahontal nu nyusun nyarankeun prosés latihan kudu terus dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan pembelajaran nu kaunggel dina indikator nu geus ditangtukeun.

